# Qaraqalpaqstanda bas miy qan aylanısı kesellikleri boyınsha 8 nawqasqa operaciya islendi

Respublikalıq xirurgiyalıq angionevrologiya qánigelestirilgen orayınan Ózbekstan hám Rossiya ilimler akademiyası akademigi, m.i.d., professor Shavkat Ibragimovich Karimov basshılıǵındaǵı qánigeler sozılmalı bas miy qan aylanısı jetispewshiligi kesellikleri boyınsha orınlarda xalıqqa joqarı maman qánigelestirilgen medicinalıq járdem kórsetiw maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikasına keldi.

Image not found or type unknown

Qánigeler baqlawında usı jıldıń iyun ayında ashılǵan Respublikalıq xirurgiyalıq angionevrologiya qánigelestirilgen orayınıń Qaraqalpaqstan filialında 8 nawqasqa joqarı texnologiyalı operaciyalardı ámelge asırdı. Operaciyalarǵa akademik Shavkat Karimov basshılıq etip, onıń qol astında jergilikli shıpakerler Farxad Babajanov, Jeńis Palımbetov hám Tajimov Ǵulamlar xirurgiyalıq ámeliyatlardı filial sharayatında birinshi márte tabıslı orınlap shıqtı.

– Bas miy qan aylanısı jetispewshiligi kesellikleri boyınsha qaraqalpaqstanlı shıpakerlerdiń bilimin jetilistiriwge úlken itibar qaratıp atırmız. Usı maqsette iyun ayında qol qoyılǵan memorandumnıń maqsetlerinen kelip shıǵıp, qaraqalpaqstanlı 10 qánige orayımızda óz bilimin jetilistirdi hám arnawlı sertifikatlarǵa iye boldı. Mine búgin usı qánigeler tárepinen joqarı texnologiyalı operaciyalardıń ámelge asırılıp atırǵanın kórip qattı quwanıp atırman. Sebebi, endigiden bılay jergilikli shıpakerler de jergilikli sharayatta bas miy qan aylanısı kesellikleri hám olardıń asqınıwların emlewde operaciyalardı ámelge asıra aladı. Bul operaciyalardı ótkeriwde biz sociallıq jaǵdayı tómen, qıynalǵan nawqaslardı birinshi gezekte emlewdi maqset etip aldıq. Endigi maqset bolsa, oray filialı qánigeler menen tıǵız birge islesiwdi dawam ettiriw,  keselliklerdiń profilaktikası, diagnostikası hám emlewdiń zamanagóy usılların orınlarda ámeliyatqa engiziwdi izshil dawam ettiriw bolıp tabıladı, – deydi akademik Shavkat Karimov.

Oraydan kelgen qánigeler tárepinen operaciyalar barısında bas miy qan aylanısı kesellikleri menen awırǵan bir qatar nawqaslar kórikten ótkerildi. Kórikler dawamında olarǵa tiyisli másláhát-usınıslar berilip, keselliklerdiń profilaktikası boyınsha keń túsindiriw jumısları alıp barıldı.

QR Densawlıqtı saqlaw ministrligi Málimleme xızmeti